

## Kijan pou ou teste Dwòg ou yo avèk Ti Bann Tès Ekzilazin (Xylazine) yo

Ekzilazin, moun plis konnen sou non “tranq”, se yon kalman yo itilize pou bèt. Yo twouve l nan dwòg ki disponib nan Vil New York (New York City, NYC). Ekzilazin se yon sedatif pisan, sa ki ka ogmante risk pou moun fè ovèdoz ak pou yo gen blesi grav sou po yo. Tès ki sou fòm ti bann lan ka ede w konnen si dwòg ou gen lentansyon pou w itilize yo gen ekzilazin ladan yo.

### Kijan mwen ka fè tès ekzilazin nan sou dwòg mwen yo?

1. Mete anviwon 10 miligram (mg) dwòg ou an (ase pou kouvri cheve Abraham Lincoln yo sou yon pyès 1 santim) nan yon veso pwòp, ki sèch (tankou yon tas ki pou mezire medikaman) oubyen nan yon ti kirèt an plastik (si w gen youn).
  - Si ou pa kapab teste 10 mg nan dwòg ou yo, mete pou piti kèk grenn nan yon veso pwòp, ki sèch.
2. Ajoute 5 milimèt (1 ti kiyè) dlo nan dwòg ou yo epi brase l.
3. Mete pati ki plise a nan ti bann tès la nan dlo a. Kite ti bann la absòbe dlo a pandan 15 segonn.
4. Retire ti bann lan nan dlo a epi mete l sou yon sifas ki plat pandan senk minit anvan w li rezilta yo. Asire w ou li rezilta yo nan anvan 10 minit apre w te fin wete ti bann lan nan dlo a.

Si w gen yon tès depistaj fentanil (fentanyl) ki sou fòm ti bann tou, ou ka fè tès fentanil la ak tout tès ekzilazin nan sou dwòg ou yo ak menm echantiyon an.

### Kisa rezilta tès yo vle di?

Yon ba siyifi **tès la pozitif**, sa ki vle di yo detekte egzilazin nan dwòg ou yo. Al gade “Ki sa m ta dwe fè si tès mwen an ban m yon rezilta pozitif oubyen si m panse dwòg mwen yo gen egzilazin ladan yo?” nan seksyon pou rekòmandasyon an.



De (2) ba (menm si dezyèm ba a pa twò fonse) siyifi **tès la negatif**, sa ki vle di yo **pa** detekte egzilazin nan dwòg ou yo. Men, pa gen okenn tès ki egzat a 100%, kidonk dwòg ou yo ka toujou gen egzilazin nan yo.



Si okenn ba pa moute oubyen se yon sèl ba ki tou pre pati ki plise nan ti bann nan, sa vle di **tès la pa valid**. Re-teste dwòg ou yo ak yon nouvo ti bann si l disponib.



Sonje, pa gen okenn tès ki egzat a 100%. Gen kèk kondisyon ki ka ogmante chans ou pou w jwenn yon fo rezilta pozitif (pa egzanp, kèk pwodui tankou lidokayin (lidocaine), ki ka prezan nan dwòg ou

yo) oubyen yon fo rezilta negatif (pa egzanp, si echantyon ou te pran pou w fè tè la pa t gen egzilazin, poutan gen egzilazin nan rè s dwòg ou yo.)

### **Kisa m ta dwe fè si tè s mwen an ban m yon rezilta pozitif oubyen si mpanse dwòg mwen yo gen egzilazin ladan yo?**

- Evite sèvi ak yo, espesyalman si w poukont ou oswa nan yon kote ki ta ka danjere pou w rete enkonsyan pandan yon bann tan.
- Pote yo nan yon sant prevansyon kont ovèdoz pou itilize anba sipèvizyon.
- Si w gen blesi sou po w epi w kontinye ap sèvi ak egzilazin, l ap fè yo pi mal. Si w gen blesi sou po w ki pa amelyore oswa ki pa geri, pale ak pwofesyonèl swen sante w la. Pou w jwenn èd pou jwenn yon pwofesyonèl, rele nan **311** oubyen nan 844-692-4692.

### **Kikote m ka jwenn tè s egzilazin ki sou fòm ti bann lan?**

Ou ka kòmande ti bann tè s egzilazin yo sou entènèt nan men fabrikan yo pou itilizasyon pèsònèl, paregzanp nan "MATTERS Network" nan [mattersnetwork.org/request-test-strips](https://mattersnetwork.org/request-test-strips).

### **Kisa m ka fè pou m diminye ris pou m fè ovèdoz opyoyid?**

Egzilazin se pa yon opyoyid. Men, nan Vil New York, yo te sèlman jwenn egzilazin nan dwòg ki genyen fentanil tou (yon opyoyid ki move anpil). Si w itilize dwòg ki gen egzilazin, fè fason pou w diminye ris pou w fè ovèdoz opyoyid:

- Evite itilize l poukont ou. Itilize dwòg yo ak lòt moun epi konsome yo youn apre lòt.
  - Si w pral itilize yo poukont ou, rele liy asistans Never Use Alone (Pa Janm Itilize l Poukont ou) a nan 800-484-3731 anvan w itilize l.
- Anvan ou itilize dwòg yo, mande yon moun ou fè konfyans pou tcheke sou ou regilyèman.
- Ale dousman avèk ti kantite.
- Evite melanje dwòg yo.
- Chache jwenn naloksòn, yon medikaman san danje epi fasil pou itilize ki kapab ranvèse efè yon ovèdoz opyoyid (menmsi moun nan rete nan yon eta sedasyon akòz egzilazin nan). Rele **311** pou jwenn ki kote pou jwenn naloksòn gratis.

Pou jwenn plis enfòmasyon, ni pou tretman ni pou redui vye efè yo ni pou sèvis verifikasyon dwòg yo (drug checking services), vizite [nyc.gov/alcoholanddrugs](https://nyc.gov/alcoholanddrugs). Si ou gen nenpòt kesyon konsènan verifikasyon dwòg yo, voye yon imèl sou [drugchecking@health.nyc.gov](mailto:drugchecking@health.nyc.gov).